

8.- BAAY BU BOOKK AMPA

Manla Pepe Banzo mangi ci kuréelu waajuru eleweyi ci ekoolbi sama doome yi di jà̄nge. Kuréelu waajuru elew yi mingi ëmb bépp yaay wala baay bu am doom buy jà̄nge ci ekoolbi. Kuréel gi amna ay njiit yuñu tànne ci wajuryi, ñu doon ño xamni kenn duleen fay dara. Ñoom nak seen taxawaay mooy ñuy saafara yenn jafejafe yu ndaw yi y am ci ekool bi Waréefu waajuru eleewyi mooy ñu jà̄ppoo ak ñiy doxal ekoolbi mooxam jà̄ngalekat la wala leneenla.

Kuréelu waajuru eleewyi dina faral jappale ekool bi ci organise yoonwi xaleyi wara jà̄nge, yoon wi ñu wara defe teaatar, misik wala yeneen aktiwite.

Kuréelu waajuru eleewyi dina jappale itam ekool bi ci feet yu mag yiñiy amal, yu demeni feetu karnawaal, feetu Noel ak beneen feet bu mag bumu mënë doon.

Beneen liggéey bu am solo bi waajuru eleewyi di def mooy ñu xam jambatu eleew yi ngir waxko seen ekool ba ñu saafarako. Ginnaaw suñu doom yi dañu ñuy nettali bis bu jot li am ci ekool bi, su fekee ni lu dëppoowul ak lu leen di jariñla ñu mën ko yégal njiital ekool bi mu saafarako

Nu mu mënti deme rekk nañu xamni ñun ñépp ay waajuru eleew lañu, mootax saa yooy soga indi sa doom ci ekoolbi nanga jaar ci bërëbu mbootayo waajuru eleewyi ngir ñu jupalante ngir suñu njà̄ngu doomyi jëm ca kanam.